**दिन–मंगलवार** **दिनांक–10.02.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानमंडलक दुनू सदन विधानसभा आओर विधान परिषद मे आइ महिला सुरक्षा के लऽकऽ विपक्षी सदस्य सभ जमि कऽ हल्ला–गुल्ला कयलनि। विधानसभाक कार्यवाही शुरू होयतहि विपक्षी सदस्य सभ हल्ला–गुल्ला शुरू कऽ देलनि। विपक्षक सदस्य सभ हाथ मे पोस्टर– वैनर लेने छलाह। भाकपा–माले विधायक संदीप सौरभ जनौलनि जे विपक्षी एकजुट भऽकऽ महिला सुरक्षाक मुद्दा पर चर्चा लेल कार्यस्थगन प्रस्ताव आनलक अछि। हम सभ चाहैत छि जे ई मुद्दा पर प्राथमिकताक आधार पर चर्चा हो। विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार नियमक हवाला दैत विपक्षी सदस्य सभ सँ ई मुद्दा के शून्यकाल मे उठेबाक लेल जनौलनि। ओ सदस्य सभ सँ शांत रहब आओर प्रश्नकाल चलय देबाक लेल जनौलनि। तैयो विपक्षी दल पर एकर कोनो असरि नहि भेल। हल्ला–गुल्ला बढ़ैत देख विधानसभा अध्यक्ष मार्शल के बजौलनि आओर पोस्टर–वैनर के हटेबाक लेल जनौलनि।

---

संसदीय कार्य मंत्री विजय कुमार चौधरी जनौलनि जे सदन मे एक तय प्रक्रिया मे सवाल उठाओल जा सकैत अछि। ओ जनौलनि जे सरकार सभ मुद्दा पर जवाब देबाक लेल तैयार अछि। जाहि लेल विपक्ष के नियमक पालन करय पड़त। एकर बाद विपक्षी विधायक सभ सदनक वॉकआउट कयलनि। सदन मे विपक्ष के नहि रहला पर प्रश्नोत्तरक कार्यवाही चलल। एम्हर, भाजपा अध्यक्ष बनलाक बाद बांकीपुर विधायक नितिन नबीन आइ पहिल बेर विधानसभा कार्यवाही मे भाग लेलनि। विधानसभा गेला पर एनडीए विधायक सभ हुनक स्वागत कयलनि। विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार नितिन नबीन के बधाई देलनि।

---

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा जनौलनि जे नितिन नबीन के भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष बनब गौरवक गप अछि। श्री नबीन जनौलक जे हुनका जे सम्मान भेटल अछि एहि लेल ओ सभक आभारी छथि। ओ चाहैत छथि जे बिहारक पुरान गौरव स्थापित हो। विधानसभा मे भोजनावकाशक बाद वित्तीय वर्ष दू हजार छब्बीस–सत्ताईसक बजट पर अनुदान मांग पर चर्चा शुरू भेल।

————————————————————————

शिक्षा मंत्री सुनिल कुमार जनौलनि जे शिक्षक नियुक्ति परीक्षाक चारिम चरण मे तीस हजार पद पर नियुक्ति कयल जायत। विधानसभा मे एक प्रश्नक उत्तर मे ओ जनौलनि जे ई चरणक परीक्षाक बाद शारीरिक शिक्षा आओर संगीत शिक्षकक नियुक्तिक प्रक्रिया शुरू होयत।

————————————————————————

एम्हर विधान परिषद मे आइ सेहो खूब हल्ला–गुल्ला भेल। काल्हि भेल घटना पर राजद सवाल उठौलक। एकर बाद पक्ष आओर विपक्षक बीच नोक–झोंक भेल। राजदक सदस्य सभ बेल मे आबि कऽ सरकारक खिलाफ नारा लागबय लगलाह। एहि बीच राजद विधान पार्षद सुनिल सिंह आओर ग्रामीण कार्य मंत्री अशोक चौधरीक बिच नोक–झोंक सेहो भेल सभापति मार्शल सँ हल्ला–गुल्ला कऽ रहल राजद सदस्य सुनिल सिंह आओर कारी साहेब के बाहर निकलबौलनि। ओ विपक्षी सदस्य सभ सँ प्रश्नोत्तरकाल मे भाग लेबाक बेर–बेर जनौलनि। एकर बादो हल्ला–गुल्ला होयत रहल। पश्चात सभापति सभ विपक्षी सदस्य के आइ दिन भरिक कार्यवाही लेल निष्कासित कऽ देलनि। भोजनावकाशक बाद फेर सँ परिषदक कार्यवाही शुरू भेल तऽ विपक्षी सदस्य सभ नहि छलाह।

————————————————————————

पूर्णियां सांसद पप्पू यादव के पटनाक एमपी.एमएलए अदालत जमानत दऽ देलक अछि। हुनका पछिला दिन एकतीस वर्ष पुरान एक मामिला मे पुलिस गिरफ्तार कयने छल। एम्हर, अदालत दू फराक–फराक मामिला मे पप्पू यादव के न्यायिक हिरासतक मांग वाला पुलिसक याचिका स्वीकार कऽ लेलक अछि। एकर बाद पप्पू यादव के एक बेर फेर बेऊर जेल पठा देल गेल अछि।

————————————————————————

नीट छात्राक संदिग्ध स्थिति मे भेल मृत्युक मामिला मे ऑल इंडिया स्टूडेंट्स एसोसिएशन आओर ऑल इंडिया वुमेन्स एसोसिएशनक सदस्य सभ आइ पटना जमि कऽ प्रदर्शन कयलक। गांधी मैदान सँ शुरू भेल प्रदर्शन मार्च विधानमंडलक घेराव लेल चलल छल आओर पुलिस हुनका सभ के डाकबंगला चौराहा पर रोकि लेलक। एहि बिच दुनूक बिच नोक–झोंक सेहो भेल। प्रदर्शनकारी सभ नीट छात्राक मृत्युक निष्पक्ष जांचक मांग कऽ रहल छलाह।

————————————————————————————————

आयकर विभाग टीम सुपौलक छातापुर आओर पूर्णियां मे जानल–मानल व्यवसायी संजीव मिश्राक ठेकान पर छापा मारलक। भेटल जनतबक अनुसार कर चोरी आओर वित्तीय हेराफेरिक मामिला मे छापा मारल गेल अछि।

————————————————————————————————

प्रदेशक चौंतीस जिला मे आइ सँ फाईलेरिया उन्मूलन अभियान शुरू कयल गेल। एहि मे दू वर्ष सँ कम उमेरक नेना, गर्भवती महिला आओर बेसी बिमार बच्चा सभ के छोड़ि कऽ सभ लोक के फाईलेरियाक दवाई पिआओल जायत।

————————————————————————————————

मधुबनी जिलाक राजनगर थानाक लखबारक रांटी बरही टोल लऽग उत्पाद विभागक टीम दू फर्जी उत्पाद पदाधिकारी के गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————————————

पछिया हवाक असरि सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे भोर आओर सांझ काल ठंढा लगैत अछि। मौसम विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बिच आठ दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग राजगीर राज्यक सभ सँ बेसी ठंढा स्थान रहल। आइ भोर राज्यक उत्तरी क्षेत्र मे किछु ठाम कुहेस लागल रहल।

————————————————————————————————

समाप्त